ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№208 (22.866) • 2014 гъэм жэпуэгъуэм (октябрым) и 16, махуэку • Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI • И уасэр зы тумэнщ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм гъавэ гъэкIынымкIэ и Iэнатlэ щхьэхуэхэм зрагъэужьын папщIэ мэкъумэш продукцэ къэзылэжьхэм субсидиехэр зэрырат Хабзэхэм я Iуэхуки Iэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2014 гъэм шыщхьэуIум и 27-м *Налшык къалэ*
№188-УП

«Урысей Федерацэм и субъектхэм гъавэ гъэкIынымкIэ я Iэнатlэ щхьэхуэхэм зрагъэужьын папщIэ федеральнэ бюджетым къыхэкIыу субсидиехэр зэрыухэх Хабзэхэр къэщтэным и Iуэхуки Iэ 2012 гъэм дыгъэгъазэм и 12-м Урысей Федерацэм и Правительствэм къыдигъэкIа унафэ №1295-м тету Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэещI**:

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм гъавэ гъэкIынымкIэ и Iэнатlэ щхьэхуэхэм зрагъэужьын папщIэ мэкъумэш продукцэ къэзылэжьхэм субсидиехэр зэрыухэх Хабзэхэр къэщтэн, мы унафэм и гуэдзэным зэритым хуэдэу.

2. Муниципальнэ районхэм (къалэ округхэм) я щIыналъэ администрацэхэм чэнджащ етын мы унафэр къыщытрадзам щегъэжьауэ махуи 10-м кIуиубыдэу комиссэхэр къызэрагъэпэщу къыхачыжьын хуей жыг хадэхэр зыхуэдизыр вубзыхуну.

3. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министерствэм хуэгъэувын мэкъумэш продукцэ къэзылэжьхэм гъавэ гъэкIынымкIэ и Iэнатlэ щхьэхуэхэм зрагъэужьын папщIэ субсидиехэр яхуэхьын теухуа къэрал Iуэхутхьэбзэхэр информацэ и лъэныкъуэкIэ къызэригъэпэщыну.

4. Къару имыIэжу къэлытын «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм гъавэ гъэкIынымкIэ и Iэнатlэ щхьэхуэхэм зрагъэужьын папщIэ субсидиехэр зэрырат Хабзэхэм я Iуэхуки Iэ» 2013 гъэм гъатхэпэм и 22-м Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм къыдигъэкIа унафэ №98-ПП-м.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщlым и къалэнхэр зыгъэзащlэ **АЛЪТУД Юрий**

● Фэеплъ

Зэхьихьэм къурихьэлIаэр.

Дыщэкl Кlунэ ящыгъупщэркъым

РСФСР-м и цIыхубэ артистка Дыщэкl Кlунэ зыщIпсэуа унэм фэеплъ пхъэбгъу фIадзащ жэпуэгъуэм и 14-м.

ЗЭХЬХЬЭР езыгъэкIуэкIа уэрэджьыIакIуэ, телевиденэм и лэжьакIуэ Аттаев Азнор зэхуэсахэм кIэщIу ягу къигъэкIыжащ Дыщэкl Кlунэ и гъащIэмрэ и гуащIэмрэ:

- Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и тхыдэм къыгурыкIыпIэ имыIэу епхащ абы и лъабжьэр зыгъэтIылъхьэм ящыщ Дыщэкl Кlунэ и цIэр. Ар зымыщIыху республикэм къыгъэзгъуейт. Абы и гъащIэр хуэгъэпсауэ щытащ театр гъуэджэм гу кIабзэрэ псэ хьэлэлкIэ хуэлэжьным. Кlунэ Къэбэрдей театрым зэрыщыщIэжьа илъэс 65-м кIуриубыдэу роль 250-м щIигу игъэзэщIащ. Псом хуэмыдэу абы кьежьлIауэ кьалытэр Гоголь и «Фыэ-шэм» къытращIыкIа спектаклым Агафье Тихоновнэ и роль щигъэзэщIарщ. Кlунэ киноми щыджэгуащ. КIыщокъуэ Алим зи сценарийр итха «Лавина с гор» фильмым хэт адыгэ фызыжь Зэрылэ и ролыр арат зратар. КъБАССР-м и цIыхубэ артист, РСФСР-м щIыхь зиIэ и артист, драматург, актер, режиссёр Тубай Мухьэмэдрэ Кlунэрэ унагъуэ дахэу щытащ, абыхэм бынитху - щIалилIрэ зы хъыджэбзэрэ - зэдапIащ. Абыхэм я унагъуэр цIыху кIуапIэт. Кlунэ цIыху гуапэу, нэжэгужу, и Iэгур и Iэнэу, зэфIэкI ин иIэу псэуащ. Дыщэкlыр цIыхубэм, театрелпхъэм фIыуэ яльэгъуа, нобэр къыздэсым ящыщыгъупщэ артисткэ гъуэзэджэщ.

КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министру ильэс куэдкIэ лэжьаЕфэнды Джылахьстэн жиIам нэхъыщхьэу къыхихIэгъащ хамэ къэралхэм я театр куэдым щыIэну къыхихуэам, Кlунэ хуэдэ артисткэ зэчиифIэ, гъуэзэджэ зы щIыналъэ зэрыщымыхьэлIар.

КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министрым и къалэнхэр зыгъэзащIэ Кlымахуэ Мухьэдин жиIащ Дыщэкl Кlунэ хуэдэ артисткэ гъуэзэджэ куэд адыгэ театрым къыщIэхъуэну зэрихьэупсапIэр, илъэс зыбжанэ и пэкIэ ар дунейм ехьжами, и Iыхьлыхэм, и лэжьэгъуэхэм, и гуащIэр фIыуэ зыльагъуэм зэращымыгъупщэр.

Театр лэжьакIуэхэм я зэгухэзныгъэм и унафэщI Фыз Майе, композитор, усакIуэ Хьэлупэ Джабрэил, Урысейм щIыхь зиIэ и артист Расторгуев Марк, Балъкъэр къэрал драмэ театрым и артисткэ Кульбаевэ Элизэт, УФ-м щIыхь зиIэ и артисткэ ЖьакIэмыхъу Кlунэ сымэ жаIащ артисткэ телъыджэр цIыкIубэм фIыуэ яльэгъуу, псэ къабзэ иIэу, цIыху хьэлэлу, хьэщIэкIэ фIыуэ зэрыщытар, сценэр и псэм зэрыхэльар.

УФ-м гъуэзджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, Урыс къэрал драмэ театрым и режиссёр нэхъыщхьэ Теувэж Сультlан къытеувыIащ Кlунэ илъэс зыбжанэкIэ зэрыдзэлажьам, роль гукъинэж куэд зэригъэззэщIам, ауэ Шолоховым и «ЩIыщIэ къэIэта» тхыгъэм къытращIыкIа спектаклым къыхэщ Дарье Куприяновнэ и ролыр псом хуэмыдэу нэхъ кьежьлIаэм ящыщу къызэралытам, ар комедие, трагедие ролхэм пылъхьэнщэу пэлъащу зэрыщытам.

ДыщэкIхэ, Тубайхэ я лъэпкъхэм я нэхъыжьхэм Iэхуэр зи жэрдэмхэм, зэхуэсахэм фIыщIэ хуащIащ. Кlунэ и къуэрылъху Тубай Мухьэмэд фэеплъ пхъэбгъур къызэIухьи къалэн гуапэр хуагъэфэщащ. ЗэIущIэм кIрихьэлIахэм пхъэбгъум и лъабжьэм деж удз гъэгъакIэр щагъэтIылъащ.

Дыщэкlыр, Тубайхэ я лъэпкъхэм я нэхъыжьхэм Iэхуэр зи жэрдэмхэм, зэхуэсахэм фIыщIэ хуащIащ. Кlунэ и къуэрылъху Тубай Мухьэмэд фэеплъ пхъэбгъур къызэIухьи къалэн гуапэр хуагъэфэщащ. ЗэIущIэм кIрихьэлIахэм пхъэбгъум и лъабжьэм деж удз гъэгъакIэр щагъэтIылъащ.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.

Кобзон Иосиф Налшык щохьэщIэ



Щэнхабзэм и илъэс

Жэпуэгъуэм и 12-м Профсоюзхэм щэнхабзэмкIэ я унэм щекIуэкIащ СССР-м, Украинэм, Кавказ Ищхьэрэм и республикэ псоми я цIыхубэ артист, СССР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат, УФ-м и Къэрал Думэм Щэнхабзэмкlэ и комитетым и унафэщIым и яп къуэдзэ Кобзон Иосифрэ Урысей МВД-м и Къэралкlуэцlыдзэм уэрэдымрэ къафэмкIэ и академическэ ансамблымрэ (оркестрым и унафэщIри и дирижёрри Мазанов Алексейщ, и балетмейстерыр Урысейм щIыхь зиIэ и артист Радюк Анатолэщ) я концерт. Ар 2014 гъэр Щэнхабзэм и илъэсу Урысейм зэрыщагъэувам иращIэкI Iуэхуэхэм ящыщ зыщ.

КОНЦЕРТЫР къызэригъэпэщащ УФ-м Щэнхабзэмкlэ и министерствэм, КъБР-м Щэнхабзэмкlэ и министерствэмрэ Урысей МВД-м и КъэралкIуэцIыдзэм и командованэ нэхъыщхьэмрэ и дзэпыкIуэгъуэу.

Артист цIэрыIуэм и уэрэдхэм щIапIыкIа нэхъыжьхэм, абы и гуащIэм дихьэхэзм я гуфIэгъуэшхуэщ Кобзон Иосиф Налшык концерт итыну къыщыкIуэр. Ялпэхэми хуэдэу, иджыри тIысыпIэ къэмынэжауэ яубыдат абы и уэрэдхэр фIыуэ зыльагъуэхэм.

«Мое Отечество» зыфIаща концерт программэр гъэщIэгъуэну, удихьэхыу екIуэкIащ. Кобзон жиIащ хэку, анэ лъагъуныгъэм теухуа уэрэдхэр. Зауэ нэужь эмаными ясса «Журавли», «Я люблю тебя, жизнь», «День Победы» уэрэдхэр, Бесльэн къалэм и школым щалэжьа щIэнтхьаджагъэм хэкIуэда сабийхэм ятеухуа уэрэд гуузи жиIащ. Кобзон игъэзащIэ уэрэдхэр гукIэ зыщIэхэр куэд хъурти, я гуапэу артистым дежьуащ. Урысей МВД-м и Къэралкlуэцlыдзэм уэрэдымрэ къафэмкIэ и академическэ ансамблым игъэзащIа «Гляжу в озера синие», «Выйду ночью в поле», нэгъуэщI уэрэдхэми зэхуэсахэр я гуапэу едэIуащ.

Кобзон фIыщIэ хуищIащ КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министрым и къалэнхэр зыгъэзащIэ **Кlымахуэ Мухьэдин**, республикэм и музейхэм, театрхэм зэрызыщригъэпIыхьам папщIэ. КъБР-м и Iэтащхьэ хуэхэ КIуэкIуэ Юрийрэ республикэм щыпсэухэмрэ ехьуэхъуащ я гъащIэр мамырыну, екъуIэныгъэрэ гуфIэгъуэрэ я куэдыну. ХьэщIэм игу къигъэкIыжащ КъБР-м и Iэтащхьэ щыта КIуэкIуэ Валерэ, тхакIуэ Геттуев Максим сымэ цIыху гуапэу зэрыщытар, Урысейм и уэрэджьыIакIуэ цIэрыIуэхэу Къэзан Сэтэней, Лель Катя, Билан Димэ сымэ ди республикэм зэрыщыщым зэрыригушхуэри къыхихэщащ.

ХьэщIэ лъапIэм фIэхъус ирихыну утыкум къихьащ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщlым и яп къуэдзэ **Алътуд Юрэ**. Абы Кобзон Иосиф иритыжащ КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрий къыбгъэдэкI саугъэтыр.

БЖЬЫХЬЭПI Роза.

Ди мэкъумэшыщIэхэм я екъулIэныгъэхэр гъэлъэгъуэным Правительствэр егупуу къалытэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм республикэм и мэкъумэшыщIэхэм я екъулIэныгъэхэр гъэлъэгъуэным зэрегупуу папщIэ «Бжьыхьэ дыщафэ -2014» урысейпсо агропромышленнэ выставкэм и наградэ нэхъыщхьэр кърагаащ.

МОСКВА дэт ВДНХ-м жэпуэгъуэм и 8 - 11-хэм щрагъэкIуэкIа и гъэлъэгъуэныгъэм я зэфIэкIхэр утыку къыщралъхьащ республикэм и агропромышленнэ комплексым и предприятэу 19-м, мэкъумэш хозяйствэмкIэ, бгылъэ щIыпIэхэмрэ лъапэхэмрэ жыг хадэхэр щыгъэкIыныкIэ къэхутакIуэ щIэныгъэ институтхэм, Къэбэрдей-Балъкъэр аграрнэ университетым.

КъБР-м щыщу выставкэм щыIахэм дыщэ медалу 12, дыжьын медалу 4, жэз медалу 2 къыхэхуащ. Предприятэу щым гъэлъэгъуэныгъэр къыхэзыгъэпэщахэм я фIыщIэ тхыльхэр къратащ. Псом хуэмыдэу эфIэгъэщIэгъэную щIыхухэм зрагъэлъэгъуащ республикэм щагъэкIа пхъэщхьэмыщхьэмрэ хадэхэкIхэмрэ, абыхэм къыхащIыкIа консервхэм, щIакхъуэхэкIхэм, псы зэмылIэужьыгъуэхэм, гъэшхэкIхэм.

САМЧЕНКЭ Светланэ.

Къуажэ школхэм спортым нэхъри зыщиужьын папщIэ

Республикэм къуажэ курыт еджапIэхэм я спортзалхэр ирагъэфIэкIуэн папщIэ нэхъ ящэкIэ къратауэ щыта ахъщэм аргуэру сом мелуан 34-м щIигъу къыхуущIагъуэжащ. Апхуэдизу щыжаIащ «Урысей зэкъуэт» партым и проектхэр зэрагъэзащIэм теухуауэ иджыблагъэ ирагъэкIуэкIа селектор зэIущIэм. Абы щыхэплъэжащ къуажэ школхэм я спортзалхэр зэгъэпэщыжынымрэ зыхихыныгъэ «Сабий спорт» проектыр щIыналъэ зэмылIэужьыгъуэхэм зэрыщагъэзащIэм.

АБЫ и проектым ипкъ иткIэ Урысей Федерацэм и субъекту 46-м сом 1 мелардрэ мелуани 133-рэ хухахауэ щытащ. Иджы жэпуэгъуэм и 1-м ирихьэлIэу субъекту 51-м сом мелуан 660-м щIигъу аргуэру трагъащэри, КъБР-м егъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я Iуэхухэмкlэ и министрым и къуэдзэ Кирин Александр къызэрыджиIамкIэ, республикэм аргуэру сом мелуан 34-мщIигъу къыхэкIыжащ. А ахъщэр трагъэжIуэжнущ муниципальнэ щIыналъэу 9-м щыIэ курыт еджапIэу 30-м я спортзалхэр егъэфIэкIуэным, Бахьсэн, Прохладнэ, Шэджэм районхэм щыщ къуажэ школу 9-м къыщыдзэрагъэпэща спорт джэгупIэхэр зэгъэпэщыжыным.

ЛIэщIыгъуитIым пхыIукIащ и макъ

Жэпуэгъуэм и 15-м усакIуэшхуэ Лермонтов Михаил къызэралъхурэ илъэс 200 зэрикъур Псыхуабэ щагъэлъэпIащ.

● Дыгъуасэ

АБЫ дэт музейм къыщыщэIуаха гъэлъэгъуэныгъэм тхакIуэм и Iэрытхэм, сурэтхэм, бзэ куэдкIэ къыдэкIа и тхыльхэм къыщынэмыщIауэ, и илъэс 200-м пагъапльэу музейм и унафэщIхэм куэд лъандэрэ яхъумэу утыку кърахьат Лермонтов Михаил и щхьэц налъэхэмрэ тхыльымпIэ кIапэм трищIыхьа сурэт хьэзэмтымрэ. Музейм и лэжьакIуэхэм дыззрыщагъэгъуэзамкIэ, гъэпсыгъуэныгъэр зэрикIуэкIынур тхакIуэр къыщалъхуа махуэм и закъуэщ, ауэ щыхъукIэ цIыхуу кьахуэкIуэм и бжыгъэм къыбжеIэ ар нобэми фIыуэ зэралъагъур.

Лермонтов Михаил теухуа Iуэхуэм хэтыну Псыхуабэ кIуат Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ **Сэхъурокъуэ Хьэутий**, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ, «Адыгэ псалъэ» газетым и унафащI **ХьэфIыщIэ Мухьэмэд**, Творчествэмкlэ Дунейпсо Академием и вице-президент, кинорежиссёр, «НОТР-Налшык» телекомпаниим и унафащI **Взрокъуэ Владимир**, Урысейм и Артийскэ комитетым и къудамэу Кавказ Ищхьэрэм щыIэм и унафащI **Бейтыгъуэн Iэуес**, «Черкес хэку» газетым и редактор нэхъыщхьэ **Тхьэгъэпсэу Увикьуэ**, Лермонтовым и усыгъэхэр Iэзэу адыгабзэм къызыгъэзэгъа **Ацкъан Руслан** сымэ, республикэ куэдым я лIыкIуэхэр, хьэщIэ лъапIэхэр.

ЗэIущIэм Дунейпсо, Къэбэрдей Адыгэ Хасэхэм я саугъэтхэмрэ щIыхь тхыльхэмрэ, Творчествэмкlэ Дунейпсо Академиемрэ Урысейм и Артийскэ комитетымрэ я орденхэмрэ фэепль саугъэтхэмрэ щатащ.

Мы щIыпIэр, унэр Лермонтовымкlэ гъэнщIат, узыIупIэр и сурэтт, узэгупсысыр кьиугъэщам нэхърэ нэхъыбэкIэ зэрыпсэуарт, зэхэпхар абы и усэ сатыр гуимыхужэрт.

Лермонтовым и махуэм теухуа тхыгъэ ди газетым и кьыкIэлъыкIуэ къыдэкIыгъуэхэм ящыщ зым тетынущ.

ЩОМАХУЭ Залинэ.

Щ1ымахуэм хуэхьэзырщ

● Электросетхэр

«Къэбэрдей-Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и муниципальнэ предприятэм 2014 - 2015 гъэхэм я бжьыхьэ - щIымахуэ лъэхъэнэм зэрыухъумэжыным Iэ паспортыр иратыжащ. Республикэм и къалэ щхьэм и абонент мин 70-м щIигъу зэрамыуэтэкIа къызэрагъэпэщыжынымкIэ ремонт-профилактикэ Iуэхугъуэ псори зэрауб-зыхуам тету ирагъэкIуэкIащ.

ЭЛЕКТРОКЪАРУР зэрызэблагъэкI, зэрызэхуагъакIуэ щIыкIэр ирагъэфIэкIуащ, волытышхуэ зыIыгъ уэгу линэжэм зэран хуэхьэу гъуэгубгу жыгхэр километр 20,9-м щаухъуэнщIащ, тек лей зрикIуэ кIапсэхэр километр 24,6-м щызэпхъэщахащ.

Белэ Речкэ поселкэм зэран хъу чыцэхэр щагъэжъэбзащ, километр 12,9-м жыгхэр щаухъуэнщIащ, къызэрыгужI кIапсэр километры 2,4-рэ фэ зытелъкIэ, жьы хъуа пхъэ пкъых гъуэгу-бетоным къыхэщIыкIам хуэдэкIэ яхъуэжащ.

Къэбэрдей уэрамым щаухуэ хъэс зекIуапIэхэм шынагъуэншагъэр къыщызэрагъэпэщын папщIэ, Свободэ, Маяковскэ, Къэбэрдей, Чеховым и цIэр зезыхьэ, Революционнэ уэрамхэмкIэ къикI тек кIуапIэхэр зэрагъэпэщыжащ. ЩыIэхэм я лейуэ пкъо пщыкIуэ ягъэуващ, фэ зытелъ кIапсэ зэмылIэужьыгъуэу метр 1640-рэ яукъуэдиящ, киловаттихым тещIыхьа кабелу метр 70, киловатт 0,7-м хуэщIам хуэдэу метри 120-рэ далъхьащ, трансформатор подстанц 35-м къхэжI электроэнергэ зэпхъэщахащ, токшинхуэ зэкIуалIэ трансформаториплI ягъэIэпэхъащ. Зи пIалъэр икIа тек кIапсэхэр зэрыщыту Къэбэрдей уэрамым щахъуэжьынущ.

Мазибгъу кIуам трансформатор подстанц 12-м я хэщIапIэр зэIуэпэщ ящIащ, псори зэмэту киловатт 1250-рэ зи лъэщагъ трансформаторитху, вольт льагъ, вольт лъахъшэ Iэмэпсымэу 72-рэ къызыхуэтыншэу зэрагъэпэщжащ. Киловатт 0,4/6-10 зрикIуэ кIапсэхэр зэрышэщIа пкъожьу 75-рэ, гъыщI траверсуи апхуэдиз, зи пIалъэр икIа кIапсэу километри 3,6-рэ фэ зытелъкIэ яхъуэжащ. Псэуалъэхэм къызэрыгужIыну пащIа кIапсэу 140-рэ, шынагъуэ зытылъ уэгу линэу километри 4,8-рэ зэрахъуэжкIащ. Киловатт 0,4/6-м хуэщIа кабелыр метр 800-м щахъуэжащ, ар зэрызэпащIэ, зэрагъэбыдэ муфтэу 324-рэ трагъэуващ.

«Къэбэрдей-Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и муниципальнэ предприятэм и пресс-Iуэхуцlапlэ».

Мы махуэхэм

Жэпуэгъуэм и 16, *махуэку*

●Ерыскъым и дунейпсо махуэщ.

●Анестезием и дунейпсо махуэщ. США-м щыщ Бостон къалэм и клиникэхэм ящыщ зым щыIажьэ дохутыр **Мортон Уильям** 1846 гъэм илъэ дыдэу кьигъэсабэпат цIыхум узыр зыхимыщIэхэху абы зэрелэзэ Iэмалыр.

●1964 гъэм Китайм япэу щагъэнэхуащ ядерно Iэшэр.

●1969 гъэм совет космонавтхэу **Кубасов Валерийрэ Шонин Георгийрэ** дунейм щыяпэу хьэрэшым гъущI щызэпагъэвауэ щытащ.

●1991 гъэм Налшык щызэхэтащ КъБР-м и лъэпкъхэм я нэхъыжьыфIхэм я съезд.

●1994 гъэм Инджылызым и пащтыхь гуащэ Елизаветэ Е1Iуанэр Урысеим къэкIауэ щытащ. КъэралитIым яку зэпыщIэныгъэ дэлъ зэрыхьэрэ а пащтыхь унагъэм щыщ япэу ди хэкум къихьауэ арат.

●Каир къыщалъхуа адыгэ тхакIуэ цIэрыIуэ, «хьэрыпэ усакIуэхэм я пащтыхь» **Шэурьий Ахьмэд** къызэралъхурэ илъэси 144-рэ ирокъу.

●ТхакIуэ, зэдзэкIакIуэ, филологие щIэныгъэхэм я доктор, профессор **Къардэн Бубэ** къызэралъхурэ илъэс 97-рэ ирокъу.

●Филологие щIэныгъэхэм я доктор, профессор, литературоведэ, критик, публицист, ЩIДАА-м и академик, КъБР-м щэнхабзэмкIэ щыIэ зиIэ и лэжьакIуэ **ТIымыжь Хьэмыщэ** и ныбжьыр илъэс 71-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ, уэшх тIэкIу къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 19 - 20, жэщым градус 12 - 13 щыхъунущ.

Жэпуэгъуэм и 17, *мэрем*

●Къулейсызыгъэм ебэныным и дунейпсо махуэщ

●Техникэ щIэныгъэхэм я доктор, КъШКъУ-м и профессор, ЩIДАА-м и академик **Тохъутэмыщ Хьэзыр** и ныбжьыр илъэс 71-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ, уэшх тIэкIу къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 19 - 21, жэщым градус 12 - 14 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар **ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.**

Лъэпкъ Iущыгъэ:

МащIэм зытезыгъэгусэм куэдри фIыщIэ ищIынкъым.

Уэсым щыгуфIыкIакъым

Иужьрей илъэс плIыщIым апхуэдэ къэмыхуауэ, Австралием и Уэльс Ипщэ, Австралие Ипщэ штатхэм дыгъуасэ уэс къыщесащ.

Ар Iуву зытелъ гъуэгуэхм машинэхэр щызэтрихьащи, зэблокIыпIэ ягъуэтырыкъым, жьлагъуэ зыбжанэм уэздыгъэ яIэкъым.

КъэхъукъащIэр нэхъри гъэщIэгъэун къащIыщIыхьар Австралием иджыпсту гъатхэм щичэзыу икIи апхуэдэ дуней щытыкIэм щыхухэр есакъыми аращ. Жьапщащхуэм къахуихьа уэсыр сантиметр 30 и Iуваг-гъыу къытрилъхьащ. Абы щыгуфIыкIакъым а штатхэм щыпсэухэр. «Псым зыщыбгъэпскI хъун хуэдэу хабзу щытын хуейщ иджыпсту, абы и пIэкIэ уэс дотхъури уэрамым дыдэтщ», - мэхъущIэ ахэр.

Дунейр щыIэ зэрыхъуам гугъу иригъэхьыр щыхухэм я закъуэкъым - щIыIэм емыса кенгурухэми нэгъуэщI псэущхьэхэми ар къатохьэлъэ. Апхуэдэу куэдрэ емыкIыну жаIэ метеорологхэм. Махуэ гъэнэгъуэм дуней щытыкIэр и пIэм иувэжынущ.

Гъавэ бэв къахуэкIами

Ерыскъыпхъэ, хьэпшып лIэужьыгъуэ 87-м я уасэхэр куэдкIэ я деж зэрыщекъухэм теухуа хъыбар къитащ Германием статистикэмкIэ и Iуэхущlапlэ нэхъыщхьэм.

Ерыскъыпхъэхэм я уасэм щыкIэрыхуар ахэр Урысей Федерацэм къаззрыIимыжыжырщ, промышленнэ хьэпшыпхэр нэхъ къэщэхуГъуафIэ щIэхъуам и щхьэусыгъуэр щIыдагъэр нэхъ пуд зэрыхъуарщ. «Ди тыкуэнэм къыщыпкIыхьыным, ущыщэхьэмыщхьэ зыгъэкIхэр зрах яуабжьу хилъэфащ. Абы нэхъей, мы гъэм гъавэ, хадзэкIкI, пхъэщхьэмыщхьэ бэв дыдэ къахуэхьат.

Гу зылъытапхъэ

КъБР-м и Iэтащхьэм и Администрацэм щолажьэ коррупцэм пэщIэтыным теухуауэ я пащIэгъэужьыгъэ щIыхуэр зэдэпсалъэ хъун телефонхэр: **8(8662) 40-89-70, 40-34-32.**

● 2015 гъэм и яп мазихым

Газетхэмрэ журналхэмрэ къевгъэхь!

«Урысейм и пощт» федеральнэ къэралIуэхущIапIэм и къудамэу КъБР-м щыIэм фокIадзэм и 1-м щегъэжьауэ Iэ трырегъадзэ дызыхуэхIуэ илъэсым и яп мазихым къагъэхьыну газетхэмрэ журналхэмрэ. А лэжьыгъэр пощтым и Iуэхущlапlэ псоми щокIыкIэ.

Фэ Iэ зыщIэвдза газетхэмрэ журналхэмрэ мы зэманым къриубыдэу пощтым и лэжьакIуэхэм унэм ныфхуэхьыныущ е ахэр сvelым и Iуэхущlапlэхэм къыщIэныфхьэ хъунущ.

Газетхэмрэ журналхэмрэ Iэ тедзэным екъэлIа Iуэху псоми щагъуэзэ фхуэщIынущ пощтым и Iуэхущlапlэхэм щылажьэхэм.

«Урысейм и пощт» федеральнэ къэрал Iуэхущlапlэм и къудамэу КъБР-м щыIэ.

● Пресс-конференцэр

Щыуэпсым къабзагъэр и щIасэщ

Къэбэрдей-Балъкъэрым щIыуэпсым и хъугъуэфIыгъуэхэмрэ экологиемкIэ и министр Гъазаев Мухэтар республикэм и хьадагъэм фокIадэм и 30-м пресс-конференц здригъэкIуэкIащ.

УПЩIЭХЭМРЭ жэуапхэмрэ ипэ кьихуэру, Iуэхущ Iапlэм и унафэщIыр мы гъэм и мази 9 блэкIам яхуэзфIэкIам тепсэлъыхьащ.

- ЩIыуэпсым и щIыкIэм кIэлъыплъымкIэ ар хъумэнымрэ ехьэлIауэ Къэбэрдей-Балъкъэрым иужьрей зэманым щалэжьыр нэхъыбэ хъуащ, - кьихигъэщащ и пэублэ псалъэм Гъазаев Мухэтар. - Къэбгъэльагъуэмэ, республикэм экологие кIэлъыплъымытъэмкIэ и къэралIуэхущIапIэм къэпщытэныгъэу 220-рэ иригъэкIуэкIащ. Абыхъэм ящыщу 102-м прокуратурэм и лэжьакIуэхэр хэтащ. Ащ зэманым къриубыдэу щIыуэпсым хуэсакъыным хуэгъэзауэ щыIэ хабзэр 382-рэ кьыщызэпаудауэ кьыщIагъэщащ. Абыхъэм ящкI итклэ административнэ Iуэхуу 70 къаIэтащ. Цыхухэм, ТхьэнкIийхэмрэ кIэрыхубжьэрыхуэхэмрэ здыщрамыдзыпхъэ щIыпIэхэр зэрызэхауфIаем кьыхэкIыу, кьуэды зэрырагъэпшынымрэ тхьилъу 177-рэ хуатхри апхуэдэхэм сом мелуан 1,4-кIэ етхьэкъуащ. Ар нэгъабэ и апэ маз 9-м кьрикIуам нэхърэ тIуКIэ нэхъыбэщ. Мыдрейуэ, прокуратурэм и лэжьакIуэхэр ди гъусэу, республикэм хиубыдэ кьуажэ 70-м я экологие щытыкIэр зыхуэдэр зэхэгъэкIыным хуэунэтIа щIэщытыкIыныгъэхэр едгъэжIуэкIащ.

АдэжкIэ Газаев Мухэтар кьыхигъэщащ иракъухьа пхъэнкIийр зэщIакъуэжьным хуэгъэзауэ кьызэрагъэпэщу щIыхьэхуэхэм кIуэ пэтми щIыуу нэхъыбэ къекIуалIэ зэрыхъуар дызыщыгуфIыкI хъуну Iуэхугъуэхэм ящыщу зэрыщытыр.

- «ЩIыуэпсым къабзагъэр и щIасэщ!» кьыхуеджэныгъэм щIэту апхуэдэ зэхьыхьэхэр щекIуэкIащ Хьэсэней къуажэбгъум щежэх Нартия псы къуэпс цIыкIум и ныджэм, Бахъсэн и псыхъэущхьэхэм къыщежьэу Iуащхьэмахуэ бгыжьым узэрыкIэрыхьэ джабэ нэкIум, Щэджэм, Джэдмышх псыкъелъэхэмрэ Гуэл ЩхъуантIэмрэ я Iэгъуэблагъэхэм, нэгъуэщI щIыпIэхэмк, - кьыпищащ и псалъэм Газаевым. - Зи гугъу тщIы щIыхьэхуэм псори зэхэту цIыку мин 25, 5-м нэблагъэ хэтащ. Абыхъэм ящыщу мыгъэрей гъатхэпкъэ Iуэхугъуэхэм кьекIуэлIа цIыкуэхэм, хозяйствэхэмрэ унагъуэхэмрэ кьыдашу гектар мини 5,2-м щIигъу щIым щракъуэка кIэрыхубжьэрыхуэхэмрэ пхъэнкIийрэ зэщIакъуащ, чыцэрэ жыгыщIэу 9 170-рэ адэ-мыдэкIэ щыхасащ, километр 712, 2-рэ зи кIыхьагъ гъуэгум къеГэщIылIа мэзылъэ кусэхэр щIагъэкъэбзыкIащ. Апхуэдэу, дызыщыгуфIыкI хъуну Iуэхугъуэхэм ящыщу кьыдолъытэ, кIэрыхубжьэрыхуэхэр щызэхадзыж заводу Аруан районым щаухуэм и зэтетъэувэныр и кIэм зэрынагъэсари. Абы и лэжьыгъэм зэрыщIидзэу, организацэхэм я пIэдзауэхэу республикэм и щIыуэпсым кьытехьэлъэхэм я бжыгъэр куэдкIэ нэхъ мащIэ хъуну кудотъфащэ.

Налшык дэт «Гидромеханизмрг» заводым хьэуам хиутIыпщхэ гъуэзам щIыхуэхэр куэд щIауэ зэрытеуэвыхьым проци дыщыгъуазэщ. Абы теухуауэ ящалэдэхэмри, Кэнжэ къуажэм щыпсэуухэми, щIыпIэ советхэм я депутатхэми, щIэныгъэрылажьхэзэми, нэгъуэщIхэми мызэ-мытIэу псалъэмакъ кьаIэтауэ щытащ.

- Зи гугъу тщIы предприятэм и унафэщIхэм хъыбар кьызэрыдагъэщIамкIэ, абы иджыблагъэ щызэтраухуащ кIэрыхубжьэрыхуэхэр щызэхадзыж, аэхэр, цIыкуэхэм я узынщагъэм зэран хуэмыхьун хуэдэу, зыгъэхъебзэж комплексыщIэ. Ауэ, эр дызэрепльымкIэ, дызыгъэпейтей Iуэхум ехьэлIауэ зи гугъу тщIы заводым и унафэщIхэм ялэжьхэр абдежым кьыщызэтрагъэувыIэнкIэ Iэмал иIэкъым. ИкIи, апхуэдэ Iуэху бгъэдыхьэкIэм и телъхьэу, республикэм и унафэщIхэри ерыщу кьызэрыувам и фIыгъэкIэ, заводым акъэщызыIыгъэмрэ ар зи Iэмыщ Iэ ильхэмрэ я жэрдэмкIэ, иджыблагъэ зэхалъхьащ техногеннэ кIэрыхубжьэрыхуэхэм зэрелэжьыжьым хуэгъэза инвестицэ планыщIэ. ЖыпIэ хъунущ, нобэрей махуэм тепщIыхьмэ, апхуэдэ щIыкIэм тету заводым и унафэщIхэмрэ жылагъуэмрэ я лъэныкъуитIри арэзы кьэзыщI зэгурыIуэныгъэ зэращIылIауэ.

ЗэIущIэм щIэса журналистхэр щIэупщIащ кьалащэм кьыщыщIэдзауэ Налшыкыпсыр тепльаджэ щIэхъуам.

- Псыр апхуэдэу «щIэгъагъэм» щхьэусыгъуэ пыухыкIа, дауи, иIэщ: ар, псом япэрауэ, кьыбгъурыт Iуэхущ Iапlэм я «фIейр» абы кьызэрыхуатIупщхьэщ, - итыжащ жэуап министрым. - Кьыщынэмыщ Iауэ, я зыгъэпсэхуГъуэ зэманыр къагъэсэбэпу, зи гугъу тщIы ныджэм кьыдыхьэ щIыхуэхэр абы зэрыщыгъэ щIагъэуэ щыIэкъым: здэщыса щIыпIэм я кIэрыхубжьэрыхуэхэр кьыщанэ, нэхъ Iенжраци, псым щIыхакIути куэдрэ къохьу.

Джэдмышх псыкъелъэм хашу Дзахьлъуэ районым хиубыдэ кьуажэ 14-м псы хуаутIыпщым хуейуэ зэрыщытам щIыхубэ хьыбарегъащIэ Iуэхущ Iапlэхэм и лэжьакIуэхэр щIэупщIащ.

- ЩIыуэпсым и щIыпIэ телъыджэхэм ящыщ зым псы «къеIытхын» и пэ кьихуэру, ар зэрядмыгъэкIуэдыжьымэ хуэгъэза экологие къэхутэныгъэхэр едгъэжIуэкIын хуейти, мызыгъэугкIэ псыIэрышэ лэжьыгъэхэр кьызэтедгъэувыIащ, - жиIащ Газаевым. - ЦIыхухэм апхуэдизу я псэм дыхьэу зыщагъэнэсу псыкъелъэм дыхуэмыдекIымэ, нэгъуэщI лъэныкъуэкIэ зидзын тIэу еплъыну кьым.

КЪУМАХУЭ Аслъэн.

Урысей МВД-м Шэджэм куеймкIэ и къудамэм и ОГИБДД-м и гъуэгуплъыр кулыкъым и инспектор Согуэ Iэхьед и цIэр фIащащ а къыщалъхуа Зеикъуэ къуажэм и уэрамхэм ящыщ зым.

Согуэ Iэхьед и цIэр зезыхьэ уэрам

А IУЭХУМ кьрихьэлIащ капитаныр псалъэ гуапэхэмкIэ зигу зэхэзыгъэкIыжа и къуажэгъуэр, ныбжьэгъуэхэр, кьыдэлэжьхьэр. Согуэ лъэпкым я нэхъыжьхьэм фIыщIэ уэращIащ кьызэхуэсахэм.

- Республикэм и мамырыгъэмрэ зэпIэзэрыпшынгъэмрэ тыншу зэтеуха хъуакъым, икIи абы зи гъащIэр щIэзыта, тхэкIыжа ди лэжьэгъухэм я фэеплъу дыкъызэфIэмыщIэу, ерыщу цIыхухэм я гъащIэмрэ узынщагъэмрэ тхъумэн, лъахэмрэ къэралымрэ я сэбэн зыхэлъым дытелэжьэн хуейщ, - жиIащ КъБР-м щыIэ МВД-м и УГИБДД-м и унафэщIым и къуэдзэ, полицэм и полковник Кулиев Валерий.

Фигу къздгъэкIыжьынщи, 2011 гъэм мазаем и 2-м Шэджэм къалэм дэт кафехэм ящыщ зым шэджагъуашхэ щызыщI полицейхэм ятеуэри, Iэщэ зыIыгъ бзаджащIэхэм ДПС-м и инспекторитху яукIащ. Абыхъэм яхэтащ полицэм и капитан Согуэ Iэхьед Машэ и кьуэри. И лэжьэгъуэру милицэм и лейтенант нэхъыжьхьэу Унэж Азрэт, Нэзрэн Алим, милицэм и лейтенантхэу БатI Артур, Тамбий Заур сымэ абдежым щыхьэкIуэдащ. Iэхьед шэхэр кьытелъалъэми, бзаджащIэхэм зэпуэну хущIэкъуащ. КъыкIэлъыкIуэ махуэм абы и псэр сымаджэщым щыхэкIащ.

И кьалэныр щапхъэ пылъу зэригъэзэщIам, щIэпхъаджагъэм, экстремизмэмрэ терроризмэрэ ерыщу зэрапэщIэтам, и гъащIэм дежкIэ шынагъуэ пылъми, къэмылэнджэжу кьIыгъэ кьызэригъэльэгъуам папщIэ Согуэ Iэхьед «И хахуагъэм папщIэ» медалыр кьызуагъэфэщащ (мыпсэужу).

Къэрал кIуэцI Iуэхухэмкlэ министерствэу КъБР-м щыIэм и пресс-Iуэхущ Iапlэ.

● Дифl догъэлъапlэ

ЩIэныгъэм хуэпэж цIыху гуащIафIэ

Урысей Федерацэм щIыхь зиIэ и агроном, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ Хъаний Мирон и ныбжьыр илъэс 80 иригъэщащ.

ХЪАНИЙ Мирон и адэ Хьэгъуцырэрэ и анэ Мэш Гуащтаесэрэ адыгагъэрэ цIыхугъэрэ яхэлъу, я щIэблэри абы хуагъасэу Боэтэт кьужьем дэсахэм ящыщщ. Нэхъыжь Iумахуэхэр хущIэкъуащ я бынхэм щIэныгъэ куу ябгъэдэлъу кьызэгъэтэджыным икIи я гугъуехьыр пщIэнщэ хъуакъым.

Школ нэужьым Хъанийр щIэтIысхьащ КъБКъУ-м. Ар кьиуха нэужь, абдеж кьыщыувыIакъым щIалэ гумызагъэр - аспирантурэми егупуу щеджащ. Абы и кандидат лэжьыгъэр теухуат жылапхъэфIэхэр кьызэрагъэкI щIыкIэм. Сыт хуэдэ Iуэхуми набдзэгубдзапlэу икIи жыджэру бгъэдэт щIэныгъэлI ныбжьыщIэм и доктор диссертацэр игъэхьэзырри Киев кьалэм ар щыпхигъэкIащ.

Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал аграрнэ университетым щылажьэхэми студентхэми пщIэ кьыхуащI а нэхъыжьыфIым. Зыхэт гупым Мирон ябгъэдэтщ пэжу, и гуащIэрэ и кьарурэ емыблэжу, и энэджэщ дахэхэмкIэ ядэгуашэу. Абы университетым щригъэкIуэкI дерсхэр щIэщыгъуэщ икIи купщIафIэщ.

Хъаниим псом хуэмыдэу гулъытэшхуэ хуещI щIэныгъэлI ныбжьыщIэхэм я кьэухьым зегъэужьыным. Абы къелъытэ ахэр дэзыхьэх Iуэхуэхэм хагъахъуэу, щIэ гуэр халъхьэ эпыту щытын хуейуэ. Мирон и унафэм щIэту аспирант 26-м я кандидат лэжьыгъэхэр пхагъэкIащ.

- ЩIэблэ уэзыншэм и нэщэнэщ щIалэгъуалэр щIэныгъэм и Iуэгъуэм тешэныр, - жеIэ Хъаниим. - ЩIэныгъэм и Iэфы пIэр зыгъэунэхуа, абы дихьэха ныбжьыщIэхэр мыхъумыщIагъэм пэIэщIэу щытынущ. Апхуэдэу кьыхэзгъэщыну сыхуеиIащ адыгэ хабзэм нэхъыжьхэр нэхъ дахэ зэрыщымыIэр. Абы щIапIыкIа цIыхур нэхъыжьым пщIэ хуищIу, кьызыхэкIа лъэпкъыр къэралми яхуэпэжу псэунущ. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, хабзэншагъэ зыдэтлъагъуэми да Iуощ Iэ, ауэ фIым тедажьэхэр нэхъыбэщи, Тхьэм дригъэфIакIуэ.

Хъаний Мирон и Iэдакъэм хъыщIэкIащ монографие купщIафIэу, тхыль цIыхьэпэу 14, тхыгъэ щхьэхуэ 200-м щIигъу. Илъэс 58-рэ хъуауэ ар къэралым щхьэлъу хуолажьэ. Мирон мызэ-мытIэу кьыхуагъэфэщащ щIыхь, щытхъу тхылъэр, ар Петр Еланэм и цIэр зезыхьэ, щIэныгъэмрэ гъуэзджэмкIэ академием, ЩIДАА-м я академикщ. Хъаниим иригъэджащ КъБР-м ипэ Президент КIуэкIуэ Валерий, республикэм и вице-премьер щыта Ерчэн Темболэт, щIэныгъэлI цIэрыIуэхэу Жэрыкъуэ Борис, Дадэ Алик, Холаев Владимир сымэ, нэгъуэщIхэри.

Хъаниихэ я лъэпкъыр ирогушхуэ Мирон хуэдэ цIыху гъуэгуанэ кьаззэрыкъэкIам, абы илэжь Iуэхуфlхэм ироплэ. Апхуэдэ нэхъыжь Iумахуэ зиIэ лъэпкъым щIэблэ зэчиифIэ кьызэрыщIэхъуэнум щэч хэлъкъым.

И адэ-анэм кьыхалъхьа хьэл-щэн дахэхэр нобэ езы Мирон и унагъуэми щызокIуэ. Абы и щхьэгъусэ Нахъуэ Замирэ щIыху зэтетщ, унэгуащэ гумызагъэщ, анэ гумащIэущ псоми кьызэращIыхур. Илъэс 30-м нэскIэ ар КъБКъУ-м и биологие, медицинэ къудамэхэм зегъэжьакIуэу щылажьэкъащ. Замирэ биологие щIэныгъэхэм я кандидатщ, абы иригъэджахэми къэхэкIащ жылагъуэ лэжьакIуэхэр, егъэжьакIуэхэр, дохутырхэр, щIэныгъэлI цIэрыIуэхэр. Миронрэ Замирэрэ пхъуищ яIэщ. Абыхъэм КъБКъУ-р диплом плъыжькIэ кьаухащ икIи я лэжьыгъэ IэнатIэхэм жыджэру бгъэдэтщ.

Я хьыджэбз нэхъыжь Мариндэ экономикэ щIэныгъэхэм я кандидатщ. Зэшыпхъухэм я курыт Иринэ и адэм и лъагъуэм ирикIуащ - Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал аграрнэ университетым и къудамэхэм ящыщ зым и унафэщIщ, мэкъумэш щIэныгъэхэм я докторщ. Быным я нэхъыщIэ Аринэ акушер-гинекологу Налшык къалэ сымаджэщым щолажьэ, щытхъу куэди хужаIэ. Зэщхьэгъусэхэр быным я бынжьхэм ящыгуфIыкIыу ящыт.

И ныбжьым емылъытауэ, иджыри цIыху жыджэщ Мирон, ущиякIуэ Iэзэщ, жылагъуэ зэхуэсхэми лъэпкъ гуэхэми гулъытэ хэха хуещI. «Зэманым декIур лIыфIщ», - жиIэгъащ пасэрейм. Хъаниим апхуэдэщ.

ТАБЫЩ Динарэ.

● ЭнэджэщIагъэлIым и чэнджэщ

Бэвагъым и лъабжьэр

Хозяйствэ пэрытхэмрэ щIэныгъэ-къэхутакIуэ Iуэхущ Iапlэм зэрыщагъэунэхуамкIэ, бжьыкьхьэсэ къэкIыгъэ лъэпкъыфIхэм хуэдэу гъэкIэрэ ди дежкIэ кьыщагъэсэбэпыр абыхъэм я процент 3050-рщ. Апхуэдизу жылэхэр фIагъ хэлъу и пIалъэм зэрыхамылъхьэм бэвагъыр егъэмащIэ. Зэрыхасэ технологиер кьэкIыгъэм и биологие зэхэлъыкIэм, жылапхъэр зыхуэдэм, дунейм и щытыкIэмрэ ар зэрытращIыну хьэсэм нэхъапэм щызэрахьамрэ тещIыкьыпхъэщ.

ГОРОХЫР, люцернэр, силосыпхъэ нартыхэр, силосыр, кIэртIофыр, хъарбызыр, джэшхэкIэр зытета хьэсэхэм гектарым хьэцэпэцэу центнери 3-7-кIэ нэхъыбэ кьыткI. Нэхъ кIасу кьрахьэлIэж къэкIыгъэхэр щызэрахьам трасэмэ, гектарым кьит бэвагъым центнери 3-4-кIэ кIрыхунущ. МэкъумэшыщIэхэр куэдрэ щIоупщIэ хьэцэпэцэр зытелъа хьэсэм ар тепсэж хъунрэ мыхъунрэ. Зы илъэскIэ хъунущ. Ауэ къытрагъэзэжмэ, жыкIыгъэм и лъабжьэр фынущ, фо узсэпсым, фузариозым яубыдынущ, цIыкIэм зэщIащтэнущ, нэгъуэщI узхэр къахьыхэнущ. Хьэцэпэцэр зытетам бжьыкьхьэсэ гуэдзыр трасэжьнымэ, а лэжьыгъэр пIалъэ хэхам и кIэм хуэгъэзэн хуейщ. А Iэмалым узыфэхэм нэхъ щахъумэнущ.

Бжьыкьхьэсэ къэкIыгъэхэр гъавапхъэ нартыхэр, и чэзум Iуахьыжа сэхураныр зытелъа хьэсэхэм тращIэмэ нэхьыфIщ, ауэ фузариозым иубыда щыIэ къагъэсэбэпынумэ, вагъэбдзэумэу кьыгуахрэ явэу зэхуагъэкIуэжьынхуейщ.

Жылапхъэм и биологие щытыкIэм, хьэсэм тета къэкIыгъэр зыхуэдэм, щыIэ псыгъагъэ иIыгъым, жылэр зэрыкьалхьэ Iэмалымрэ лэжьыгъэм хуэхэ. пIалъэмрэ елытауэ сэгуэр ирагъэкIуэкI. Тэмэму ягъахьэзырауэ псыгъагъкIэ зэхурикъу щыIэ гектарым гуэдз хьэдзэу мелуани 4,5 - 5 бжьыкьхьэсэ хьэуэ мелуани 4 - 4,5-рэ и пIалъэм халъхьэн хуейщ. Нэхъ кIасэу Iуахьык къэкIыгъэхэр зытета хьэсэу псы здэкIуэм гектарым гуэдз жылэу мелуани 5,5 - 6-м нэблагъэ хуоз. Ар тращIыхь къехьэлIэжьигъуэм ирихьэлIэу псыIагъэ зыгъуэта метр зэбгъуэзнатIэм зызыужьа жэпхъыу 500 - 600, тафэтес щIыпIэм- 350 - 450-рэ мынэхъ мащIэ тетын зэрыхуейм. Щы щхьэфэр тегъуэкIамэ, сатурпхэр бгъуэзу зэрасэ, зэрызэблахьу Iэмалхэр кьагъэсэбэпмэ, жылапхъэу проценти 10 - 15-кIэ нэхьыбэ халъхьэ.

Ди республикэм мыпхуэдэ мардэхэр щагъэуващ:

тафэтес щIыпIэм - гектарым гуэдз хьэдзэу мелуани 4,5, - 5, жьэгъуащIэ щIыпIэм - мелуани 5 - 5,5-рэ, бгыпльэхэм - мелуани 5,5 - 6;

тафэтес щIыпIэм - гектарым хьэ жылэу мелуани 4 - 4,5-рэ, жьэгъуащIэ щIыпIэм - мелуани 4,2 - 4,7-рэ, бгыпльэ щIыпIэм - мелуани 5.

Кьагъэсэбэпын хуейр фIагъ пльэгъ зиIэ жылапхъэщ. Хьэдзэ миным грамм 40 кьашэчын хуейщ. Грамм 35-м нэмысмэ, гуэдз гектарым и бэвагъым центнери 2 - 5 кIэрыхунущ. Ар мэкъумэшыщIэхэм зыщагъэгъупщэ хьунукъым.

Бжьыкьхьэсэ къэкIыгъэхэм зыужьын щыщIадзэр я кьыкъужьигъуэ щынэсам дежщ. Щымахуэм ирихьэлIэу кьыдджа щыкIуи 2 - 4 яIэн хуейщ. Щыхаса зэманымрэ кьыкьуэжьигъуэмрэ я зэхуакум махуэ 45 - 60 дэлъщ. Бжьыкьхьэсэм и пIалъэ нэхъысфIыр хуабэр градус 14 - 15-хэм нэсу щызэтеувам дежщ. А лэжьыгъэр нэхъ кIасэу ирагъэкIуэкIмэ, градуси 10-м и кIэ къикуэ хъунукъым.

Бжьыкьхьэсэ гуэдзыр хэсэныр мыпхуэдэ пIалъэхэм зэфIэзэкIыпхъэщ:

тафэтес щIыпIэм - фокIадэм и 25-м кьыщыщIэдзауэ жэпэгъуэм и 10 пщIондэ, жэпэгъуэм и 15-м фIэмыкIыу;

жьэгъуащIэ щIыпIэм - фокIадэм и 25-м щегъэжьауэ жэпэгъуэм и 5 хьуху, жэпэгъуэм и 10-м фIэмыкIыу;

бгыпльэ щIыпIэм - фокIадэм и 15-м кьыщыщIэдзауэ и 30 пщIондэ, жэпэгъуэм и 5-м фIэмыкIыу. ПIалъэ нэхъыфIым хуэзэу япэ махуитхум халъхьа жылэхэм бэвагъ нэхъыбэ кьат. Игъэунэхуа пIалъэм махуи 5 - 7 нэхьыбэ фIагъэкI хъунукъым, жылэхэр сантиметри 4 - 5-кIэ щIым хагъэзэгъэн хуейщ. Сантиметри 10-м нэс и куэгъыу хасэмэ, бжьыкьхьэм зэдзуэ къыхэкIынукъым, зэпэщу гъэ щIэкIынукъым.

Бэвагъыу къытрахьэм, гъавэу кьрахьэлIэм хагъэхъуэн щхьэкIэ, щIэныгъэр и лъабжьэу ягъэунэхуа гуэдз жылапхъэ лIэужьыгъуэщIэхэр тегушхуаеу къэгъэсэбэпын хуейщ. Абыхъэм гектарым хуэзэу центнери 5 - 10-кIэ нэхьыбэ къатынущ.

Гъавапхъэ нартыхэр зытелъа хьэсэм тращIэ бжьыкьхьэсэ гуэздым и щхьэмыжьыр фузариозым куэдрэ щиубыдщIыщIэ. Абы зэрыпэщIэтыпхъэм теухуа къэхутэныгъэхэр иужьрей илъэсхэм ирагъэкIыжащ. Гъавапхъэ нартыхэр щыIуахьыжа хьэсэхэм трасэ хъунущ Москвич, Таня, Южанкэ жылапхъэхэр, Юкэ лIэужьыгъуэщIэр. Нотэ жылэ лъэпкъыр езэгъэныкъым.

Зыужьмэ пIащэ къэзыщI бжьыкьхьэсэ гуэдз псоми фузариоз узыр яхуэщщ. Абы кьыхэкIыу, гъавапхъэ нартыхэр зытелъа хьэсэхэм Афинэ, Дельтэ, Дея, Кума, Москвич, Таня, Тариарх, Память, Сила, Творец, Южанкэ, Юкэ жылапхъэхэр трасэну чэнджэщ ядот.

Айвинэ, Батько, Ведэ, Визэ, Вершинэ, Есаул, Зимородок, Лебедь лIэужьыгъуэхэм я щхьэмыжхэр фузариозым нэхъ польэщ.

Вассэ, Витэ, Восторг, Грация, Гром, Дмитрий, Докэ, Зимницэ, Зимтрэ, Иришкэ, Калым, Краля, Краснодарскэ-99, Крошкэ, Палладэ, ПалПич, Первицэ, Фишт, Фортунэ, Шарадэ, Юбилейнэ-100, Юмпэ, Юнонэ, Лигэ-1, Нотэ, Ласточкэ, Коллегэ жылапхъэхэр гъавапхъэ нартыхэр зытета хьэсэхэм трасэу ядэрэкIым.

Вассэ, Грация, Южанкэ, Курень, Кума, Москвич, Лебедь, Протон, Табор гуэдз лъэпкъэхэр, Сармат, Самсон, Гордей, Добрыня-3 жылэхэр бжьыкьхьэсэ кIасэмкIэ нэхъыфIщ. Дунейм и щытыкIэм зэрезэгъым, узыфэхэм зэрапэщIэтыфым тещIыкьхьауэ, зыщаужь пIалъэм елытауэ бжьыкьхьэсэ къэкIыгъэ лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэ 3 - 5 хуэдизэ хозяйствэхэм яIэн хуейщ.

Ижьрей илъэсхэм рес-публикэм къыщагъэсэбэп бэвагъышхуэ къэзыгъэсэбэп тритикалэ къэкIыгъэ лIэужьыгъуэщIэр. Ар гуэдзрэ хьэпцIийрэ зэхэту кьагъэхъуэ гибридщ. Тритикалэр бжьыкьхьэсэ гуэдзым и хэсэгъуэм е махуи 10 - 15-кIэ нэхъ пасэу тращIэ. Iусыпхъэу е гъавапхъэу зэрахьэну бжьыкьхьэсэ тритикалэ гектарым хьэдзэ мелуани 4 - 5 и мардзщ. Абы щIрагъэгъуэ, и пкъым хуэмыIыгъыу, къэкIыгъэр гъуэлIынущ, тыншу яхуIухьыжьыкъым, и бэвагъым кIэрыхунущ. Горохрэ рапсрэ зытета хьэсэхэм тращIэмэ, гектарым гъавэу центнер 50 - 80, Iусыпхъэу - центнер 350 - 600, нартыхэр сэхуран зытелъа хэм щагъэкIмэ, гектар къэс гъавэу центнер 40 - 60, Iусыпхъэу - центнер 300 - 400 кьытекIынущ. Бэвагъ нэхьыбэ кьрагъэтын папщIэ, хьэцэпэцэр щызэрахьа хьэсэхэм ар нэхъыбэу тращIэ. Бжьыкьхьэ лъэхъэнэм тритикалэ гуэдзым и щхьэмыжьыр